

# Yon prensip jesyon Ekonomize (Sere)



*“Yon nèg saj ekonomize pou lavni, men yon moun ki fou depanse toutsa l resevwa.” Pwovèb 21:20*

By John E. Schrock

*Souliyen konsèp kle w jwenn nan prensip sa a.*

Lontan se t a yon foli pou yo t a rekonèt ou kòm yon moun ki renmen depanse. Yon peni ou te ekonomize, se te yon peni w te touche. Moun te achte lè yo te gen lajan. Yo te sere pou sa yo te vle epi yo te fè yon jan pou yo te kite kichòy pou pitit yo. Yo te jije karaktè yon moun sou jan l te kapab ekonomize epi pwoteje yon ekip valè, kit se te lajan, pwodui oswa règ moralite. Moun te konprann sajès ki genyen nan “sere pou lavni.” Prensip ekonomize te devlope pou l te vini yon atitid ki te gen valè. Panse nou va pou nou konsève bagay, fè yo dire pi lontan, repare yo epi pran maksimòm nan sa nou genyen deja. Sa va anpeche gaspiyaj nan prese epi fè nou reflechi sou kalite ak valè pwodui rive jis nan chanje fason nou panse, sòti nan “kisa m kapab jwenn?” rive nan “Mèsi Bondye pou sa m genyen.” Se pa yon mal pou sonje kisa nou t a renmen genyen, si yon ansanm valè kontwole dezi nou. Nou va evite tèt nou yon bann fristrasyon si nou kanpe epi nou poze tèt nou kesyon sa yo anvan nou depanse:

1. Eske m bezwen l?
2. Eske m gen mwayen achte l?
3. Poukisa m vle l?
4. Kilè m t a dwe genyen l?

Nou devlope yon sosyete voye jete, yon sosyete k ap sèvi tèt li, epi nou pwograme pou nou panse, “si m vle l, mwen va jwenn li. Mwen merite l kounye an. Mwen va mete l sou katdekredi m epi fè ti peman mansyèl fasil sa yo.” Donk, nou depanse, depanse, epi de-

panse, pandan n ap eseye satisfè tèt nou epi fè konpetisyon ak toutmoun. Nou depanse tankou moun fou, non sèlman sa nou genyen men sa nou pa genyen tou.

Yo rann li fasil pou nou prete lajan oswa jwenn kredi. Yo bonbade nou ak katdekredi apwouve davans, epi « òfdekredi 6 mwa san enterè », “ankenn peman anvan yon lane” epi yon pakèt lòt ankò. Men yo pa di nou anyen sou gwo to enterè nou va peye lè peryòd la pase. Y ap mare nou nan yon bann plan peman kote li prèskenposib pou nou sòti ladan yo anvan anpil ane, sa ki lakòz difikilte ki va detwi maryaj nou ak sante nou. Sepandan, katdekredi kapab yon bon bagay si nou konnen kijan pou nou jere yo.

Moun ki saj ap ekonomize epi k ap bati pou lavni--- yo planifye epi depanse ak sajès. Non sèlman yo genyen yon kontepay men yo envesti nan pwopriyete, konstriksyon, ak nan biznis pèsònèl. Yo krè nan Bondye ak nan tèt yo. Yo envesti nan biznis lòt moun tou, paske yo krè nan lòt moun epi yo dispoze pran risk ak yo. Yo pa konsomatè sèlman men yo se enves-

tisè ak ekonomizè tou. Lè bagay yo vin di, yo siviv. Yo gen lapè ak tèt yo, kreditkat yo epi ak bank yo.

Peyi nou an t a dwe pratike prensip ekonomize sa a epi depanse ak sajès, e nou pa t a antrave ak yon dèt tri-lyon dola. Bondye genyen yon fason ki bon epi ki fonksyone byen. Li pote lapè nan fanmi nou, retire presyon ak fristrasyon nan lavi nou, epi pitit ak granpitit nou va di nou mèsi deske nou se egzanp pou yo. Yon jou nou va genyen pou nou aprann itilize bon-sans epi viv swivan règ Bondye. Si nou pa chwazi fè sa kounye an, nou va fòse fè l nan yon tan ki pa lwen. Annou pa aji tankou moun fou, annou aji ak sajès, epi aprann sere pou lavni.

*Prensip sa a se yon pati pwogram yon lane devlopman karaktè:*

**Fondasyon pou Sikse.**

## PANSE POU MEDITE:

Dèyè tout fanmi ki genyen sikse genyen yon moun ki te ekonomize pou timoun yo.

Evalye tèt ou de 1 a 10	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
Poukisa w bay tèt ou nòt sa a?										
Ki avantaj ou kapab jwenn lè w ogmante nòt ou?										
Ki aksyon espesifik ou kapab fè pou verifye avantaj prensip sa a?										
Lis verifikasyon lekti w fè toulejou sou prensip sa a.	M	T	W	T	F	S	S			

Konplete

Pa konplete